


Gid Ou: MetroPlan Orlando

MetroPlan Orlando dirije efò planifikasyon transpò nan konte Orange, Osceola, ak Seminole. Nou travay men nan men ak eli yo, ekspè nan sektè endistri yo, ak kominote a pou fòme sistèm transpò rejyon nou an. Antanke òganizasyon planifikasyon metwopolitèn pou Central Florida, nou menm tou nou fikse priyorite epi detèmine kijan fon federal ak etatik yo konsakre nan transpò yo depanse nan rejyon an.



Fonksyonman Plan Transpò

Lè nou di transpò, nou vle di tout kalite: mache, bisiklèt, machin, bis, tren, transpò adapte, ak plis ankò. Nou planifye fason tout sistèm nan pral grandi, evolye, ak konekte nan deseni kap vini yo. Kounye a, n ap kreye **Plan Transpò Metwopoliten** an pou ane 2050 la.

Yon fwa pwojè yo nan Plan 2050 nou an, li ka benefisye yon finansman federal ak nasyonal. Yo klase ak enkri sou yon lis datant ki rele **Lis Pwojè Pworiyote**, ki fè lyen ant plan sou 20 an ak plan senk ane nou an. Lè fon yo disponib, yon pwojè antre nan **Pwogram Amelyorasyon Transpò** pou senkan.



Èske avi mwen konte vrèman?

Wi! Nou bezwen avi ou pou nou ka asire ke plan yo vrèman reflete valè kominote a. Li enpòtan pou nou tande avi rezidan yo ak vizitè nou yo paske transpò konsène tout moun. Ekonomi nou ak kalite lavi nou depann de efikasite lyezyon yo ant moun ak kote yo rete a.

Kijan pou Patisipe



Anliy sou MetroPlanOrlando.gov/2050

Vizite sit entènèt nou an pou w jwenn fason pou w patisipe nan reyinyon yo, bay avi w, oswa suiv nou sou rezo sosyal yo



An Pèsòn

Envite nou patisipe nan evènman ou oswa prezante bay gwoup ou a MetroPlanOrlando.gov/RequestASpeaker



Kontakte Nou

MTP@MetroPlanOrlando.gov | 407-481-5672
250 S. Orange Ave., Suite 200, Orlando, FL 32801

*Okenn koneksyon entènèt? Pa gen pwoblèm! Si ou pa gen aksè ak nimerik, ou ka mande dokiman enprime lè w rele nimewo ki anwo a



VWAYAJ AN 2050

Destinasyon: Yon sistèm transpò lòt nivo pou Central Florida la



WOUT LAVNI

2050: Wout La

Tan Vwayaj:
25 an

ETAP PRENSIPAL

Santral Done

Jwenn done sou sa k ap pase jodi a ak demen



Ilo Antre

Koute lide patnè kominote ak gouvènman an



Pwen Pwojè

Detèmine bezwen ak sa nou ka pèmèt



Somè Plan

Konsèy Administrasyon MetroPlan Orlando adopte plan 2050



Mizajou Chantye

Adapte plan a chak tan



2050

Ou Rive

Central Florida: Sa Pou Konnen Anvan Ou Ale



Plis Moun, Plis Travay

Apeprè **2.4 milyon** popilasyon (An 2050: **778,000** plis moun ak **70%** plis tòn machandiz)



Vizitè Yo Kontinye Ap Vini

Apeprè yon **demi milyon** vizitè pataje sistèm transpò nou an chak jou



Defi An Matyè Sekirite


Plis pase **200** moun mouri sou wout Central Florida chak ane



Lit Kont Kou Lavi

Prèske **mwatye** nan fanmi yo gen difikilte pou peye transpò, lojman, manje, ak swen sante

Oryante nan Bon Direksyon an



Objektif sa yo asire yon eksperyans optimal pou moun ki gen tout laj ak tout kapasite:

Sekirite	Bay yon sistèm transpò ki an sekirite
Konektivite	Amelyore kondisyon lavi nan fasilite aksè ak travay epi sèvis yo
Prosperite	Ranfòse ekonomi rejyon nou an
Fyabilite	Bay yon sistèm fyab pou tout mòd pou moun ak machandiz
Kominite	Amelyore sante ak anviwònman rejyon nou an